

Хэкlыпlэхэр къалъыхъуэ

2-нэ нап.



ЕгъэджакIуэ щыпкъэ

3-нэ нап.



Насып Iыхьэ

3-нэ нап.



Къэзылъхуахэм я лъагъуэм ирикIуа

4-нэ нап.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№119 (24.245) ● 2021 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 5, гъубж ● Тхьэмахуэм щэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

«Адыгэбзэм и Гупсэхэм» я пшыхь гукъинэ



4-нэ нап.

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек щIыналъэм и егъэджакIуэхэм я IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ зэрехъуэхъур

Къэбэрдей-Балъкъэрым и егъэджэныгъэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэу пщIэ зыхуэсщIхэ!

Си гум къыбгъэдэкIыу сынывохъуэхъу фи IэщIагъэм епха махуэшхуэмкIэ - ЕгъэджакIуэм и махуэмкIэ!

Нобэ дэ догъэлъапIэ мы дунейм щыщыIэ IэщIагъэхэм я нэхъ хьэлэлыр гъащIэ гъусэ зыщIа цIыхухэр - пщIэ зыхуэтщI ди егъэджакIуэхэр. Фэ фи IэмыщIэ илъщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкIуэнур зэлъыта щIэблэр. Вбгъэдэлъ педагогикэ Iэзагъыр, акъылымрэ шыIэныгъэмрэ, апхуэдэуи фи IэщIагъэм гурэ псэкIэ фызэрыхущытыр сэбэпышхуэ мэхъу къытщIэхъуэ щIэблэм щIэныгъэщIэхэр зрагъэгъуэтынымкIэ, я зэфIэкIхэм хагъэхъуэнымкIэ. Фэ фи фIыгъэщ ныбжьыщIэхэм дуней еплъыкIэ тэмэм яIэу къызэрытэджыр, абыхэм я лъэкIыныгъэ псори хэIущIыIу зыщIу ехъулIэныгъэхэм хуэзышэри фэращ.

ФIыщIэ ин фхузощI зэфIэвгъэкI лэжьыгъэ мытыншым, атIэми жылагъуэм мыхьэнэшхуэ щызиIэм папщIэ, IэщIагъэм епхауэ вбгъэдэлъ зэфIэкI лъагэхэм, фи гу хуабагъымкIэ сабийхэм фазэрыдэгуашэм щхьэкIэ. Си фIэщ мэхъу: зэгъусэу дэ тлъэкIынущ ди республикэм фIагъ лъагэ зиIэ егъэджэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ къыщцызэдгъэпэщыну.

Си гуапэу сынывохъуэхъу узыншагъэ быдэ, зэпэщыныгъэ фиIэну, Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ ди къэрал инымрэ яфI зыхэлъ ехъулIэныгъэщIэхэр зыIэрывгъэхьэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и IуэхукIэ

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ и IэнатIэм илъэс куэд лъандэрэ хьэлэлу зэрыщылажьэм, щIэблэщIэр гъэсэнымрэ егъэджэнымрэ куэд зэрыхащIыхьам папщIэ цIэ лъапIэхэр яфIэщын:

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ»***

**Аслъэн Майе Дзонэ и пхъум** - «Курыт еджапIэ № 20» Налшык къалэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым

**Валий Iэминат Борис и пхъум** - «Сабийхэм эстетикэ гъэсэныгъэ егъэгъуэтынымкIэ Къэзанокъуэ Жэбагъы и цIэр зезыхьэ къалэ центр» щIэныгъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм и унафэщIым и къуэдзэм

**ГъукIэжь Иринэ Зубер и пхъум** - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхухэр егъэджэнымкIэ, щIэныгъэмрэ щIалэгъуалэм я IуэхухэмкIэ и министерствэм IэщIагъэ гуэдзэн щрагъэгъуэт «Педагог лэжьакIуэхэм я IэщIагъэм зэпымыууэ щыхагъахъуэ» и къэрал бюджет IуэхущIапIэм экономикэм зегъэужьынымрэ егъэджэныгъэм и IэнатIэр убзыхунымкIэ и лабораторэм и методист нэхъыжьым,

***«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и егъэджакIуэ»***

**Дау Людмилэ Александр и пхъум** - «Курыт еджапIэ №1» Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым щыщ Сэрмакъ къуажэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм

**Къудей Светланэ Хьэсэн и пхъум** - «Курыт еджапIэ №3» Аруан муниципальнэ районым щыщ Псыгуэнсу къуажэм курыт щIэныгъэ щрагъэгъуэт и муниципальнэ кIэзонэ IуэхущIапIэм урысыбзэмрэ литературэмкIэ и егъэджакIуэм.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Казбек**

*Налшык къалэ*
*2021 гъэм жэпуэгъуэм и 1-м*
*№108-УГ*

● Гъавэ

## Дагъуэ къыхуамыщIу

**«Россельхознадзор»-м и Кавказ Ищхъэрэ IуэхущIапIэм дызэрыщигъэгъуэзамкIэ, 2021 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъуэщI къэралыгъуэхэм иригъэшэну ерыскъыхэкI зэмылIэужьыгъуэу тонн мин 73,2-р дунейпсо карантин мардэхэм тету къыпщытащ, республикэм ирашын ипэ.**

ГЪАВЭУ къэрал гъунапкъэм ирашынущ тонн мин 63,8-рэ. Ар гъэ кIуам нэхърэ тонн мин 22,9-кIэ нэхъыбэщ.

Экспорт ерыскъыгъуэхэр гъунэгъу къэралхэми ЕАЭС-м хиубыдэхэми яIэрыхьэнущ. Къапщтэмэ, Арменэм гуэдзу тонн мин 22,5-рэ, хьэпцIийуэ тонн мини 3,3-рэ, Грузием гуэдзу тонн мин 28,7-рэ, нартыху тонн мини 5, Ираным къакъий гъэгъуауэ, джэшхэкIыу тонн мин 500-м нэблагъэ иращэнущ.

Экспортым ягъакIуэ ерыскъыхэкIхэмрэ гъавэмрэ фитосанитарие и лъэныкъуэкIэ къыщапщытащ «Россельхознадзор»-м и референт центру Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэм. Эксперт ерыскъыхэкIхэм ябгъэдэлъ фIагъымрэ къабзагъымрэ къэзыпщытэ организацэм хъыбар къаригъэщIэжащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым нэгъуэщI къэралхэм гъавэхэкIыу иригъэша псори дэбгъуэн щымыIэу дунейпсо мардэхэм тету зэрагъэхьэзырамкIэ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Шынагъуэншагъэр япэ игъэщыпхъэщ

### КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Догузовэ Заринэрэ Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм зыщегъэужьыным пыщIа Iуэхухэм тепсэлъыхьащ

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек хуэзащ лэжьыгъэ IуэхукIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуа, ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Догузовэ Заринэ. ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и курортхэм зегъэужьыным туризмэм и IэнатIэм пыщIауэ республикэм щагъэзащIэ проектхэр Федеральнэ агентствэм къыдиIыгъынымкIэ хэкIыпIэхэм, апхуэдэу зыгъэпсэхуакIуэхэм шынагъуэ къатемыгъэхьэнымкIэ зэфIэгъэкIыпхъэхэм.**



«ЗЭРЫЩЫТУ къэралми хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIи, туризмэм и дежкIи мыр экономикэ Iуэху къудейуэ къэмынэу, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэми ехьэлIащ, къэралыр гъэбыдэным хуэунэтIащ», - къыхигъэщхьэхукIащ КIуэкIуэ Казбек.

Республикэм и Iэтащхьэр тепсэлъыхьащ туризмэм и IэнатIэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ иужьрей илъэсхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым лэжьыгъэшхуэ зэрыщекIуэкIар икIи абы и фIыщIэкIэ ди деж зыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэр нэрылъагъуу нэхъыбэ зэрыхъуар. Абы жиIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ туризмэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэр бгыхэм зыщыгъэпсэхуныр арауэ зэрыщытыр. Ауэ иужьрей зэманым Iуащхьэмахуэ къыщыхъуа гузэвэгъуэм къигъэлъэгъуащ цIыхухэм шынагъуэ къатемыгъэхьэным зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэм куэдкIэ зегъэхъуэжын, а IэнатIэм ехьэлIа хабзэ мардэхэм хэплъэжын зэрыхуейр.

Догузовэ Заринэ къигъэлъэгъуащ туризмэм и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм зэфIэкIышхуэ зэрыбгъэдэлъыр: «ЗыгъэпсэхуакIуэ къакIуэхэм гъэ къэс къахэхъуэр зыхуэдизыр щыхьэт тохъуэ мы гъэм республикэм зыщызыгъэпсэхухэр цIыху мелуаным зэрынэсынум - ар Iуэху гъуэзэджэщ».

ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщIым къыхигъэщхьэхукIащ мы IэнатIэр экономикэм и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэ дыдэхэм зэращыщыр, лэжьапIэ IэнатIэщIэхэр къызэгъэпэщынымкIи, цIыхухэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымкIи абы куэд зэрелъытар. «Тэмэму зигъэпсэхунымкIэ, и узыншагъэр зэтригъэувэжынымкIэ, и нэгу зригъэужьынымкIэ Iэмалхэр дэтхэнэ зы цIыхуми къыхузэгъэпэщыныр иджырей зэманым къигъэув къалэнщ. Туризмэм и IэнатIэм зегъэужьыным щытедгъэчыныхьым деж дэ псом япэу дызэгупсысыр республикэм щыпсэу езы цIыхухэрщ. Абыхэм, зы лъэныкъуэкIэ, щылэжьэн IэнатIэ къыхузэIуах. Апхуэдэу дэтхэнэ зыми Iэмал егъуэт щалъхуа республикэм тэмэму зыщигъэпсэхунымкIэ», - жиIащ Догузовэ Заринэ. Абы къыхигъэщхьэхукIащ ди республикэм и Iэтащхьэми езыми туризмэм лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэр игъэбыдэу къызэралъытэр: «Укъэзыухъуреихь гъащIэм, дунейм, къэралым, хабзэхэм щыгъуазэ зыпщIынымкIэ хэкIыпIэ нэхъыфI дыдэр зыгъэпсэхуакIуэ, дунеяплъэ укIуэнырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыIэ хэкIыпIэхэр куэд мэхъу».

ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэр хьэзырщ, жиIащ Догузовэ Заринэ, щIыналъэм щыIэ бизнесым туризмэм и инфраструктурэр зэтегъэувэжынымкIэ зыкъыщIигъэкъуэну, иджырей хьэщIэщ зэпэщхэр ухуэнымкIэ, зыгъэпсэхуакIуэхэм я зекIуапIэ гъэщIэгъуэнхэр хэшынымкIэ сэбэп хъуну.

Туризмэм и IэнатIэм шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщынымкIэ Iуэхухэм я гугъу щищIым Догузовэ Заринэ къыхигъэщхьэхукIащ абы и лъэныкъуэкIэ Кавказ Ищхъэрэм и курортхэм я мызакъуэу, бгылъэ щIыпIэхэм зыгъэпсэхуакIуэхэр къешэлIэным пыщIа адрей щIыналъэхэми апхуэдэ гугъуехьхэр зэрыщыIэр.

КIуэкIуэ Казбек жиIащ мы Iуэхум ехьэлIауэ лэжьыпхъэу къилъытэхэр республикэм и Правительствэм зэригъэхьэзырар. Ахэр федеральнэ хабзэ мардэхэм щелэжькIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIэкIэ къыхалъхьэнущ.

ЗэIущIэм иужькIэ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбекрэ ТуризмэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Догузовэ Заринэрэ «Азимут» хьэщIэщым щахуэзащ Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэмкIэ и IэнатIэм и лIыкIуэхэм. Псалъэмакъым къырихьэлIащ КъБР-м курортхэмрэ туризмэмкIэ и министр ЩоджэнцIыкIу Мурат, Налшык къалэ округым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэ Ахъуэхъу Таймураз сыми.

Къызэхуэсахэм утыку кърахьащ иджырей хьэщIэщ тэмэмхэр Налшык къалэм дэщIыхьынымкIэ инвестицэ проект инхэр. Абыхэм ящыщ зыр ЩоджэнцIыкIумрэ Лермонтовымрэ я уэрамхэм я зэблэкIыпIэ плIанэпэм хуэзэу иджыпсту щыт унэр, зэгуэр Туристым и унэу щытар, къэгъэщIэрэщIэжыныршщ икIи зыгъэпсэхупIэ комплекс тэмэм щIыныршщ. Инвесторым и мурадщ а унэм и теплъэр имыхъуэжу къигъэнэну икIи цIыхуи 120-м ятещIыхьа хьэщIэщ комплекс илъэситIым къриубыдэу абы щызэтригъэувэжыну. ЕтIуанэ хьэщIэщ комплексым щIадзауэ йолэжь: полиграфкомбинатым и хэщIапIэу щытам тыншыпIэ псомкIи къызэгъэпэща иджырей хьэщIэщ дэгъуэ щызэтрагъэувэну я мурадщ 2022 гъэм фIэмыкIыу. Мы проектыр хъарзынэу хозагъэ республикэм и къалащхьэм и уэрам нэхъыщхьэм и архитектурэ теплъэм.

ЗэIущIэм и кIэухым Догузовэ Заринэ жэуапхэр яритащ туризмэмкIэ индустрием и лэжьакIуэхэр зыщIэупщIа Iуэху куэдым.

***КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-IуэхущIапIэ.***

# Къуэщхьэ Каринэ и ехъулIэныгъэ лъагэ



**Хабзэ хъуауэ, ди къэралым гъэ къэс щокIуэкI «Илъэсым и егъэджакIуэ» къэралпсо зэпеуэр. А Iуэхугъуэр къызыхуэтыншэу йокIуэкI, УФ-м и Президентым, УФ-м ЕгъэджэныгъэмкIэ и министерствэм, ЕгъэджакIуэхэм я къэралпсо профсоюз зэгухьэныгъэм, «Учительская газета»-м и редакцэм я нэIэм щIэту. Iуэхугъуэм и фIыгъэкIэ егъэджакIуэм и пщIэр жылагъуэм нэхъри къыщыIэта мэхъу, школым и лэжьакIуэ нэхъыфIхэм ябгъэдэлъ зэфIэкIхэм щыгъуазэ куэд хуохъу, егъэджакIуэхэр зэдогуашэ я Iуэху зехьэкIэ пэрытхэмкIэ. Ди гуапэ зэрыхъущи, ди щIыналъэм щылажьэ курыт школхэм я егъэджакIуэхэри ехъулIэныгъэ яIэу хэтщ а къэралпсо зэпеуэм.**

ТЭН Iус Ростов къалэм иджыблагъэ щызэхэтащ «Илъэсым и егъэджакIуэ-2021» къэралпсо зэпеуэм и федеральнэ Iыхьэр. Абы хэтащ щIыналъэпсо зэпеуэхэм щытекIуахэр. Абы ехъулIэныгъэ иIэу хэтащ «Илъэсым и егъэджакIуэ нэхъыфI-2021» урысейпсо зэпеуэм и щIыналъэ Iыхьэм щытекIуа, Май къалэм дэт курыт школ №5-м инджылызыбзэр щезыгъэдж Къуэщхьэ Каринэ. Егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ IэнатIэм илъэси 5 лъандэрэ пэрыт адыгэ пщащэ цIыкIур яхэхуащ я Iуэху зехьэкIэкIэ ди къэралым нэхъыфIу къыщалъыта егъэджакIуэ 15-м.

А ехъулIэныгъэ лъагэр езыр-езыру къэкIуакъым. Абы и щIыбагъ къыдэлъщ Къуэщхьэм зыпэрыт IэнатIэмкIэ зыхищIэ жэуаплыныгъэр, иригъаджэ сабийхэм яхуиIэ лъагъуныгъэ къабзэр, езыми зэрыжиIауэ, егъэджакIуэ нэс хъуну зэрыщIэхъуэпсыр. И анэдэлъхубзэм къыдэкIуэу иджыри бзиплI: урысыбзэр, инджылызыбзэр, итальяныбзэр, испаныбзэр - зыIурылъ Каринэ бзэ щIэныгъэхэм я магистрщ, зи зэфIэкIми щIэныгъэми махуэ къэс хэзыгъахъуэ егъэджакIуэщ. Къыхэдгъэщынщи, мыгъэрей къэралпсо зэпеуэм пашэ щыхъуахэм яхэт Къуэщхьэм иджы Iэмал иIэщ Москва дэт къэрал лингвистикэ университетым и щIэныгъэм щыхигъэхъуэну.

- Мыпхуэдэ зэпеуэхэр хуабжьу сэбэпщ пхузэфIэкIым уеплъыжыну, адрейхэми ябгъэдэлъ Iэзагъхэм уакIэлъыплъыну, - жеIэ Къуэщхьэ Каринэ. - КъыхэзгъэщыIну сыхуейт, абы куэдым гу лъыдегъатэ, дыхуеущий. Ди нэгу щIэкIа Iуэху зехьэкIэ пэрытхэм ящыщу, къапщтэмэ, сэ лэжьыгъэм зыкъом дяпэкIэ къыщызгъэсэбэпынущ. Мыхьэнэшхуэ зиIэр дерс зэIухахэм я закъуэкъым, атIэ классщIыб лэжьыгъэм и къызэгъэпэщыкIэ мардэхэми хьэлэмэт хэлъщ. А унэтIыныгъэмкIи къулейуэ щытащ егъэджакIуэ пашэхэм я мыгъэрей зэхьэзэхуэр. ФIыщIэ ин яхузощI апхуэдэ зэпеуэ купщIафIэ къызэзыгъэпэщахэми.

«Илъэсым и егъэджакIуэ-2021» къэралпсо зэпеуэм щытекIуахэр Москва дэт Къэрал Кремль уардэунэм жэпуэгъуэм и 10-м щагъэлъэпIэнущ.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

● Ди къуэш республикэхэм

### Жыджэру хэтащ



АДЫГЕЙ. **Республикэм и Iэтащхьэ КъумпIыл Мурат хэхыныгъэ нэужьым Адыгейм и цIыхухэм захуигъэзащ жыджэру я Iуэху еплъыкIэр къызэрагъэлъэгъуам папщIэ фIыщIэ яхуищIу. УФ-м и Къэрал Думэм и депутатхэм нэмыщI, ди къуэш республикэм щыхахащ Къэрал Советым-Хасэм и депутатхэмрэ щIыпIэ къэрал къулыкъущIапIэхэм щылэжьэнухэмрэ.**

ХЭГЪЭГУМ щыпсэухэм я нэхъыбэм «Урысей зэкъуэтым» и телъхьэу Iэ яIэтащ икIи УФ-м и Президент Путин Владимир иригъэкIуэкI къэрал политикэр даIыгъащ.

АР-м и Къэрал Советым-Хасэм и зи чэзу зэхуэсыгъуэм хыхьащ «Урысей зэкъуэт», КПРФ, ЛДПР, «Захуагъэ здэщыIэ Урысей» политикэ партхэм я лIыкIуэхэр.

### Узыншагъэр нэхъапэщ



АБХЪАЗ. **Президент Бжание Аслъэн сыхьэтищым щIигъукIэ журналистхэм я упщIэхэм жэуап иритащ. Хъыбарегъащ1э IэнатIэхэм я лэжьакIуэхэр щIэупщIащ Абхъазым и къэрал щIыб, къэрал кIуэцI политикэм теухуа Iуэхухэм, тетыгъуэр зыIыгъхэмрэ абыхэм къыпэщIэтхэмрэ я зэхущытыкIэм, Правительствэм и IуэхущIафэхэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэм, Абхъазымрэ Урысеймрэ я хабзэхэр нэхъ зэпэгъунэгъу щIыным зэреплъым, аэропорт ухуэным, къэралым и экономикэм зезыгъэужьыфыну инвестор нэхъыбэ къешэлIэным, нэгъуэщIхэми.**

НЭХЪЫЩХЬЭУ журналистхэр зыщIэупщIахэм ящыщщ коронавирус уз зэрыцIалэм ехьэлIауэ Абхъазым и Iуэхур зытетыр. Президентым жиIащ узым теухуауэ жыпхъэхэр игъэткIиину, иригъэлеину зэрыхуэмейр, ауэ зэрысакъыпхъэр. «Лъэпкъым и узыншагъэращ псом я щхьэр, адрейхэр, дылажьэмэ, тхузэфIэгъэкIынущ, - жиIащ Бжание.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**

**«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъуныр, жылагъуэ хабзэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм и 2-нэ пунктым и гуэдзэн №2-м зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхук Іэ**

## Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

*2021 гъэм фокІадэм и 17-м*

*Налшык къалэ* *№189-ПП*

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ**:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хабзэншагъэхэр къыщымыгъэхъуныр, жылагъуэ хабзэмрэ жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ щыгъэбыдэныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2020 гъэм шыщхьэуІум и 31-м къыдигъэкІа унафэ №191-ПП-мкІэ къиштам, и 2-нэ пунктым и гуэдзэн №2-м халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр къэщтэн, мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

**Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІ МУСУКОВ Алий**



# ХэкІыпІэхэр къалъыхъуэ

**КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм и деж щылажьэ Сымаджэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэнымрэ къащхьэщыжынымкІэ жылагъуэ зэгухьэныгъэм и советым и зэІущІэ иджыблагъэ екІуэкІащ.**

ЗЭХЫХЬЭР къызэІуихащ советым и тхьэмадэхэм ящыщ зым и къалэныр зыгъэзащІэ, КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам. Абы къыхигъэщащ я пщэрылъхэр тэмэму зэфІэха хъун папщІэ Іуэхум жэуаплыныгъэ хэлъу бгъэдыхьэн зэрыхуейр икІи жиІащ зэгурыІуэу лэжьыгъэ купщІафІэ ирагъэкІуэкІыну зэрыщыгугъыр. Гупым и къалэнхэм ящыщщ щІыналъэм узыншагъэр хъумэнымкІэ и ІэнатІэр егъэфІэкІуэнымкІэ хэкІыпІэхэр, чэнджэщхэр къэгъэлъэгъуэныр, сымаджэхэр хущхъуэкІэ къызэгъэпэща зэрыхъум кІэлъыплъыныр, тхьэусыхафэ щыІэхэм хэплъэныр.

Советым хэтхэр тепсэлъыхьащ медицинэ Іуэхутхьэбзэхэр къызэрызэрагъэпэщым, донорым теухуауэ зыІууэ гугъуехьхэм, ВИЧ узыфэ зэрыцІалэхэм зыщыхъумэнымкІэ, фошыгъу уз зиІэ сабийхэм, лыш узыфэр зыпкърытхэм я адэ-анэхэм, благъэ-Іыхьлыхэм защІэгъэкъуэнымкІэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм. Абыхэм теухуауэ къыхалъхьа Іуэхухэр мы илъэсым и мазищ къэнам щегъэжьауэ 2022 гъэм къриубыдэу зэфІагъэкІыну зыхуагъэувыжащ.

Гупым хэтщ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министрым и къуэдзэхэр, мы ІуэхущІапІэм и ІэщІагъэлІ пажэхэр, республикэм и жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Изэ.**

# Зэманым декІу адыгэлІ щыпкъэ

**Къудамэ куэду зэхэт адыгэ лъэпкъым и мащІэкъым ди цІэр фІыкІэ къэралым, дуней псом щызыгъэІуа цІыху щыпкъэхэр. Апхуэдэ адыгэлІ щэджащэхэм халъытэ совет, урысей парт, къэрал, жылагъуэ лэжьакІуэ цІэрыІуэ, Адыгэ Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и япэ унафэщІу щыта, абы и Къэрал Советым - Хасэм и пашэу, щэнейрэ и депутату хаха, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым хэта, ди къэралым и Президентым Урысей Ипщэм щиІэ полномочнэ лІыкІуэм и аппаратым АР-мкІэ и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэу лэжьа ЛІыІув Іэдэм Хъусен и къуэр. Философие щІэныгъэхэм я доктор, Урысей Федерацэм Социальнэ щІэныгъэхэмкІэ и академием хэт еджагъэшхуэр Адыгэ Республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институту КІэрашэ Тембот и цІэр зезыхьэм (АРИГИ) 2017 гъэ лъандэрэ и унафэщІщ. ЗыхэпсэукІ зэманым декІуу зи гъащІэр езыхьэкІ адыгэлІ щыпкъэм и ныбжьыр илъэс 70 зэрырикъурэ куэд щІакъым.**



ЛІЫІУВ Іэдэм Адыгейм и Октябрьскэ районым хыхьэ Тэхъутэмыкъуей жылэм 1951 гъэм къыщалъхуащ. Ар къыщыхъуащ гуащІэдэкІ лэжьыгъэм щымышынэ, щІэныгъэм пщІэ щыхуащІ адыгэ унагъуэ дахэм. Іэдэм и адэ-анэ Хъусенрэ Мариетрэ зауэ нэужь лъэхъэнэ хьэлъэм жылэм щызэхэт колхозым щылэжьащ, бийм зэтрикъута хозяйствэр зэпэщ зыщІыжхэм яхэту. Тэн Іус Ростов дэт финанс-экономикэ институтым щІэныгъэ нэхъыщхьэрэ ІэщІагъэрэ щызэзыгъэгъуэта Хъусен нэхъ иужьыІуэкІэ щылэжьащ районым финансхэмкІэ и ІэнатІэм и унафэщІу. Краснодар дэт къэрал пединститутым (иджы Кубань къэрал университет) тхыдэмкІэ и факультетыр къэзыуха Мариет и гъащІэр епхауэ щытащ егъэджэныгъэ-гъэсэныгъэ, щэнхабзэ ІэнатІэхэм. Ар егъэджакІуэу, иужькІэ школым и унафэщІу лэжьащ. ИужькІэ райисполкомым щэнхабзэмкІэ и къудамэм и пашэу, КПСС-м и райкомым идеологиемкІэ и секретару щытащ. Иужьрей илъэсхэм Мариет лъэпкъ журналистикэми и зэфІэкІхэр щигъэлъэгъуащ. Районым къыщыдэкІ газетым и редактору илъэс куэдкІэ лэжьащ, щыпІэми республикэми пщІэ щиІэу. Лъэпкъ журналистикэм и зыужьыныгъэм хуищІа хэлъхьэныгъэ иным папщІэ, Мариет къыфІащауэ щытащ «Адыгэ Республикэм щІыхь зиІэ и журналист» цІэ лъапІэр.

Апхуэдэ нэхъыжьыфІхэм я жьауэм щІэту, я щапхъэм тету къэхъуа Іэдэм щІэныгъэм хуэпабгъэт, и ныбжьым хуэмыфащэ зэхэщІыкІ куу иІэт. Тэхъутэмыкъуей къуажэм дэт курыт школыр хъарзынэу къиухри, ар щІэтІысхьащ Кубань къэрал университетым и филологие къудамэм. Зэрихабзэу, щІалэщІэр фІыуэ еджащ, абы къыдэкІуэу университетым щекІуэкІ жылагъуэ гъащІэми жыджэру хэтащ. Къыхиха ІэщІагъэмкІэ щІэныгъэ 1973 гъэм зригъэгъуэта нэужь, Іэдэм лэжьэн щыщІидзащ Краснодар дэт ЗИП (Къызэрапщытэ Іэмэпсымэхэр щащІ завод) ІуэхущІапІэм, къэралым и ипщэ щІыналъэм и завод нэхъ лъэрызехьэхэм ящыщу щытам, ЩэнхабзэмкІэ и уардэунэм. А заводышхуэм а лъэхъэнэм щылэжьа цІыху минхэм яхэмытами ярейщ ЛІыІувхэ я щІалэщІэр зымыцІыху, абы иригъэкІуэкІ хабзэ лекцэхэм, къызэригъэпэщу щыта пшыхьхэм иримыхьэлІа. Зи теплъэкІи, псэлъэкІэкІи, Іурылъ бзэкІи куэдым къахэщ Іэдэм зэфІэкІышхуэ зэрыбгъэдэлъым гу лъамытэу къэнакъым щІыналъэм и унафэщІхэм. Куэд дэмыкІыу ар ягъэуващ «ЩІэныгъэ» къэралпсо зэгухьэныгъэм щІыналъэм щиІэ къудамэм и референту, КПСС-м и Краснодар райкомым цІыхубэм лекцэ къахуеджэ гупми хагъэхьащ.

ЛІэщІыгъуэ блэкІам и 90 гъэхэм я пэщІэдзэм ди къэралым къыщыхъуа зэхъуэкІыныгъэхэм ЛІыІув Іэдэм ирихьэлІащ КПСС-м и Октябрьскэ райкомым и япэ секретару лажьэу. 1991 гъэм и шыщхьэуІум къэхъуауэ щыта зэрыхьзэрийм къикІа Іуэхугъуэхэм ящыщт коммунист партхэм я лэжьыгъэр ди къэралым къыщызэтегъэувыІэныр. Апхуэдэу хъуа нэужь, Іэдэм ирагъэблэгъащ Адыгейм ЭкономикэмкІэ, бзэмкІэ, литературэмрэ тхыдэмкІэ и щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтым (иджыпсту АРИГИ) социологиемкІэ и къудамэм и щІэныгъэ лэжьакІуэу.

Ди къэралым и сыт хуэдэ щІыпІэми хуэдэу, Адыгей щІыналъэми зэхъуэкІыныгъэ инхэр щекІуэкІащ а зэманым. Къапщтэмэ, ар автоном область статусым икІри, УФ-м хыхьащ зи щхьэ хущытыж субъект щхьэхуэу. КъинэмыщІауэ, езым и Президенти и Совет Нэхъыщхьи иІэж хъуащ, экономикэми жылагъуэ-политикэ гъащІэми нэгъуэщІ зэхущытыкІэхэр къыхыхьащ. А зэхъуэкІыныгъэ псоми я куупІэм хэтащ ЛІыІувыр. Ар ящыщащ цІыхубэм я дзыхь зрагъэзу Адыгейм и Совет Нэхъыщхьэм, иужькІэ Къэрал Советым - Хасэм и депутату хаха хэкупсэхэм. Совет Нэхъыщхьэм и япэ зэхуэсым Іэдэм къыщыхуагъэфэщащ Адыгэ Республикэм и Совет Нэхъыщхьэм и УнафэщІ къулыкъу лъагэр. Абы и нэІэм щІэту Адыгейм къыщащтауэ щытащ ноби лъэпкъ, къэрал лъапІэныгъэу къалъытэ нэщэнэхэр: ныпыр, гербыр, гимныр; нэхъ иужьыІуэкІэ - Республикэм и Конституцэр. ЛІыІув Іэдэмрэ Адыгэ Республикэм и япэ Президенту щыта Джарым Аслъэнрэ я ІэщІэдзхэращ щІэлъыр щІыналъэм къэралыгъуэ зэригъуэтам щыхьэт техъуэ дэфтэру Москва 1993 гъэм хэІущІыІу щащІауэ щытам.

ГъащІэм къыхыхьа Іуэхугъуэщ Іэхэр, фІыхэр къэзыщтэр, зэманым дэбакъуэу псэур акъылыфІэу къалъытэ. Апхуэдэщ ЛІыІув Іэдэм. Къэралым зэхъуэкІыныгъэхэр щыщекІуэкІа лъэхъэнэм абы увыІэгъуэ имыІэу хигъэхъуащ и щІэныгъэм. 1991 гъэм къиухащ Москва дэт, УправленэмкІэ урысей академием политологиемкІэ и къудамэр. 1995 гъэм хьэзыр ищІащ илъэс зыбжанэкІэ зэлэжьа кандидат лэжьыгъэр икІи ар ехъулІэныгъэкІэ щыпхигъэкІащ УФ-м и Президентым и нэІэм щІэту лажьэ, Къэрал къулыкъумкІэ урысей академием. Нэхъ иужьыІуэкІэ и щІэныгъэм щыхигъэхъуащ Москва и социальнэ университет зэІухам и юридическэ факультетым. 2011 гъэм Іэдэм утыку ирихьащ щІэныгъэ дунейм пщІэшхуэ щызыгъуэта и къэхутэныгъэ лэжьыгъэщІэр: доктор диссертацэр. Ар щытхъу пылъу щыпхигъэкІащ Тэн Іус Ростов къалэм.

Бгъэдэлъ щІэныгъэ куум, зэфІэкІ лъагэхэм, гупсысэ шэщІам щыхьэт техъуэ лэжьыгъэ куэд ЛІыІувым зэфІихащ УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкІэ и Советым щыхэта, абы и УнафэщІым и чэнджэщэгъуу щыщыта, федеральнэ инспектор къулыкъу лъагэм щыпэрыта илъэсхэм. Жэуаплыныгъэ ткІийр зыхищІэу, ЛІыІувыр еш имыщІэу елэжьащ федерацэр зэрызэхэт субъектхэм я Іуэхур дэгъэкІыным, щІыналъэхэм щызекІуэ къэрал политикэр абыхэм яфІ зыхэлъу егъэкІуэкІыным.

2017 гъэ лъандэрэ ЛІыІув Іэдэм и унафэщІщ РАН-м и Адыгей щІэныгъэ центрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым. ЩІэныгъэлІ щыпкъэм мыбдежми зыкъигъэлъэгъуащ лэжьыгъэм и къызэгъэпэщакІуэ нэсу. Зи пашэ ІуэхущІапІэм щекІуэкІ къэхутэныгъэ псори зи нэІэм щІэт унафэщІым хузэфІокІ щІыналъэм и зыужьыныгъэмкІэ щхьэпэ къэхутэныгъэхэм я зэхэублакІуэ, жэрдэмщІакІуэ хъун, Адыгэ Республикэм и щІэныгъэлІхэм я лъэкІыныгъэхэр хэкум и зыузэщІыныгъэм къыхузэщІигъэуІуэн. Институтым и ІэщІагъэлІ дэтхэнэми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ къыхуегъуэтыф, я лэжьыгъэр тэмэму еунэтІ, чэнджэщ щхьэпэхэр яретыф, бгъэдэлъ щІэныгъэкІи зэфІэкІкІи щІэгъэкъуэн яхуохъу.

УнафэщІ къалэным, егъэджэныгъэм, къэхутэныгъэщІэхэр зэфІэхыным, тхылъыщІэхэм елэжьыным, нэгъуэщІ щІэныгъэ Іуэхухэм къадэкІуэу, хэкупсэ нэсым и гупсысэхэр хуеунэтІ зыщыпсэу щІыналъэм щекІуэкІ жылагъуэ гъащІэр егъэфІэкІуэным. Іэдэм дапщэщи хущІокъу адыгэ лъэпкъым и щэнхабзэм зегъэужьыным, ди тхыдэм и пэжыпІэр зэтегъэувэжыным, нэгъуэщІхэми. Абы и жэрдэмкІэ Адыгэ Республикэм, адыгэхэр щыпсэу адрей щІыналъэхэми хуэдэу, илъэс къэс щокІуэкІ «Адыгэ диктантыр». Апхуэдэ проектхэу щІыналъэм зыщызыужьахэм ящыщщ адыгэбзэр джыным хуэщІа «Си бзэ - си дуней», «Адыгэбзэр мэбзэрабзэ» зэреджэ-методикэ тхылъхэр къыдэгъэкІыным, анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ щэнхабзэмкІэ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр егъэкІуэкІыным хуэгъэпсахэр.

Сыт хуэдэ ІэнатІэ пэрымытами, ЛІыІув Іэдэм дапщэщи зыкъигъэлъэгъуащ зэхэщІыкІ ин, щІэныгъэ куу, зэфІэкІ лъагэ, цІыхугъэшхуэ зыбгъэдэлъ лэжьакІуэу. Урысей Федерацэр лъэ быдэкІэ увыным, Адыгэ Республикэм и къэралыгъуэр зэфІэувэным, щІыналъэм мамырыгъэрэ зэгурыІуэныгъэрэ илъыным, зэІузэпэщыныгъэ иІэным ЛІыІувым хуищІа хэлъхьэныгъэшхуэр гулъытэншэ хъуакъым. Абы къыхуагъэфэщащ АР-м и дамыгъэ нэхъ лъапІэ дыдэр - «Адыгейм и щІыхь» медалыр, «Хэкум и пащхьэм щиІэ фІыщІэхэм папщІэ» къэрал дамыгъэм и 2-нэ нагъыщэр, УФ-м и Президентым, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым къэбгъэдэкІ фІыщІэ, щІыхь, щытхъу тхылъхэр.

Щалъхуа щІыналъэм, щыпсэу къэралым я къэкІуэнум хьэлэлу хуэлажьэ хэкупсэ нэсхэм ящыщщ ЛІыІув Іэдэм Хъусен и къуэр. Зи зэфІэкІ лъагэр лъэпкъым и зыужьыныгъэм хуэзыгъэпс адыгэлІ щыпкъэм дохъуэхъу узыншагъэ быдэ иІэу, ехъулІэныгъэщІэхэр и куэду, и зэфІэкІхэм хэхъуэ зэпыту псэуну, адыгэм и ехъулІэныгъэм хуэлэжьэну.

**ЖЫЛАСЭ Маритэ.**

# Лэжьыгъэр йокІуэкІ

**«Транспорт хуэІухуэщІэм зегъэужьын» къэрал программэм хиубыдэу Шэджэм ЕтІуанэ къуажэм гъуэгухэр щызэрагъэпэщыж.**

ІУЭХУР щаубла Бэгъуэтым и цІэр зезыхьэ уэрамым 1 километр и кІыхьагъщ. ЩІадзауэ асфалътыр зытралъхьэну лъабжьэр ягъэхьэзыр. БульдозеркІэ зэтес ящІа щІыпІэм гъуэгу зэхэкІыпІэхэмрэ зэпыхьэпІэхэмрэ, гъуэгугъэлъагъуэхэмрэ дамыгъэхэмрэ, утхэр, къэухьхэр щагъэувыну щІыпІэхэр къыхагъэкІ. Асфальтыр иджырей мардэхэм тету тралъхьэнущ: абы псыр зыщІифынукъым, псы жапІэхэри щхьэхуэу ящІынущ. Автомашинэхэри цІыхухэри тыншу щызекІуэн хуэдэу, гъуэгур Іэхуитлъэхуиту, шынагъуэншэу яухуэнущ.

Шэджэм щІыналъэм купщІафІэу щагъэзащІэ жылагъуэхэм я теплъэр егъэфІэкІуэным теухуа къэрал, лъэпкъ нэгъуэщІ программэхэри: «ФІагъ зыбгъэдэлъ гъуэгу щынагъуэншэхэр», «Къуажэхэм зегъэужьын».

Къэбэрдей-Балъкъэрым Транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкІэ и министерствэм хъыбар къызэрыдигъэщІамкІэ, лэжьыгъэ псори мыгувэу зэфІагъэкІынущ.

**ШЭРЭДЖ Дисэ.**

# Къэбэрдей-Балъкъэрым аргуэру зы ГЭС мыин щащІынущ

**«РусГидро» акционер зэгухьэныгъэ зэІухам къэкІуэну илъэсиблым къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэм ГЭС мыину щы щиухуэну и мурадщ. Абыхэм псори зэхэту МВт 96-рэ я лъэщагъыу щытынущ. Ди республикэм Адыл-Су псым щытращІыхьыну Бахъсэн Ипщэ ГЭС мыиным МВт 23-м щІигъу къитынущ.**

«УК ГидроОГК» компанием и Ипщэ ІуэхущІапІэм и унафэщІым и къуэдзэ-инженер нэхъыщхьэ Мирзоев Марат зэрыжиІамкІэ, «РусГидро» зэгухьэныгъэм а электростанцхэр зэращІыну проект документацэр игъэхьэзырын щІедзэ. ЩІыуэпсым и хэкІыпІэ къэщІэрэщІэжхэр къэзыгъэсэбэп электроэнергетикэм 2024 гъэм нэсыху зегъэужьынымкІэ Правительствэм къищта программэм ипкъ иткІэ, Бахъсэн Ипщэ ГЭС-р хьэзыр хъун хуейщ 2027 гъэм фІэмыкІыу.

Адыл-Су псым и къарур къэгъэсэбэпыным ди деж щегупсысу щІадзауэ щытащ илъэсищэм нэблагъэ япэкІэ. 1925 гъэм абы тращІыхьыну ГЭС мыиным и эскизыр къыхилъхьауэ щытащ ГОЭРЛО планым елэжьахэм ящыщ профессор Артемьев Н. А. Псалъэм къыдэкІуэу къэдгъэлъэгъуэнщи, арат Налшык ГЭС-м и проектыр зыщІауэ щытари.

ГЭС мыинхэм я фІагъ нэхъыщхьэ дыдэхэм ящыщщ абыхэм экологием зэранығъэ зэрырамытыр. Апхуэдэ гидроэнергетикэр зэтрагъэувэн папщІэ ихъуреягъыр зэхатІыхьыркъым, зэхауцІапІэркъым. А ухуэныгъэхэм псыр яуцІэпІыркъым, бдзэжьейм зэран хуэхъуркъым. А псоми къадэкІуэу ГЭС мыинхэм мыхьэнэшхуэ яІэщ щІыпІэ нэхъ пхыдза дыдэхэр текІуадэр нэхъ мащІэу электрокъарукІэ къызэгъэпэщынымкІэ.

Фигу къэдгъэкІыжынщ, щІыуэпсым и хэкІыпІэ къызэщІэрыуэжхэр зи лъабжьэ энергетикэм зегъэужьынымкІэ ассоциацэм 2020 гъэм хэІущІыІу ищІа рейтингым ипкъ иткІэ «Урысейм гидроэнергетикэ мыинымкІэ щыпашэ» номинацэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэр зэрыщытекІуар. Апхуэдэ текІуэныгъэр кърикІуащ зэман зыбжанэ лъандэрэ электростанц мыинхэр щІыным ди деж зэрыщегугъум. Къапщтэмэ, 2016 гъэм щІын яухащ Зэрэгъыж ГЭС мыиныр, 2020 гъэм лажьэу яутІыпщащ Балъкъэр Ипщэ ГЭС-р. Иджыпсту Псыгуэнсу ГЭС мыиным и проектыр ягъэхьэзыр икІи абы и ухуэныгъэр 2024 гъэм яухын хуейщ.

**ХЬЭЖБИЙ Мухьэмэд.**

# Дахуэсакъын зэрыхуейр нэрылъагъуущ

**Псэущхьэхэр хъумэным и дунейпсо махуэр, жэпуэгъуэм и 4-р, абы ещхь адрейхэми хуэдэу, дыкъэзыухъуреихь дунейм и хъугъуэфІыгъуэу диІэм, зэхэгъэж дымыщІрэ хэдмыгъэщІу, дахуэсакъын зэрыхуейм хуэгъэзащ.**

ХЭТИ щыгъуазэщ ди планетэм псэущхьэу тетым я лІэужьыгъуэ зыбжанэ зы илъэс къэмынэу зэрытекІуэдыкІым. Абдежым къыщыувыІатэмэ ди насыпти хужытІэну, дызымыгъэгуфІэ а Іуэхугъуэр адэкІэ нэхъри щІэгъэхуэбжьауэ зэрекІуэкІынури нэрылъагъуущ. КъызыхэкІри гурыІуэгъуэщ: щІыуэпсым и хъугъуэфІыгъуэхэр щысхьыншэу къызэрыдгъэсэбэпырщ, мэзхэмрэ псыцІэхэмрэ я бжыгъэм, къэгъазэ лъэпкъ ямыІэу, зэрыхэдгъэщІырщ.

Ди республикэм щІышхуэ имыубыдми, псэущхьэ лІэужьыгъуэу щыпсэухэр куэд мэхъу. Псалъэм папщІэ, шэрыпІхэр (зи шырхэр, зи щІэжьейхэр быдзышэкІэ зыпІхэр) лъэпкъыгъуэу 70-м щІегъу, къуалэбзухэр 300-м ноблагъэ, уащрохьэлІэ хьэпщхупщу 17-м, щІыми псыми щыпсэууэ 7-м, бдзэжьей зэхуэмыдэу 33-м. Мыдрейуэ, ди щІыналъэм гъудэ-бадзэу, хьэмбылу лъэпкъыгъуэу, хьэпІацІэ-хьэмлашкІуэрэ тхыцІэ зимыІэу, псори зэхэту, лІэужьыгъуэ мини 10-м щІигъу къыщыпхуэбжынущ. Абыхэм яхэтщ Кавказым фІэкІа нэгъуэщІ щІыпІэхэм узыщримыхьэлІэнухэри. Ар и щыхьэтщ, ди республикэм и щІыуэпсыр адрей щІыналъэхэм яйхэм нэщэнэ гуэрхэмкІэ къазэрыщхьэщыкІым.

АдэкІэ къедбжэкІынщи, Къэбэрдей-Балъкъэрыр зи хэщІапІэ псэущхьэ нэхъ ин дыдэхэм ящыщщ мыщэр, Европэм нэхъ дызыщрихьэлІэ щыхьыр, Азие Гупэм къикІыу ди деж зи лъэр къэзыхуса щомыщыр, къырыщхьэ дзакІэхэм ящхьэщысырей бгъэ пщэхужьыр. Мыдрейуэ, шэрыпІхэм ящыщу нэхъ цІыкІужьей дыдэу къалъытэ щІыІубми ди республикэм щыхамэу зыкъыщилъытэжыркъым.



ЩІыгум и зэхэлъыкІэм зихъуэжурэ къекІуэкІами, ди мэзхэмрэ бгылъэ щІыпІэхэмрэ иджыри къызэдэсым дащрихьэлІэнущ щыхь лІэужьыгъуэхэу бжэным, бланэм, бжьом, джэду лъэпкъыгъуэхэм хабжэ елэным, щомыщым, дзыдзэ лІэужьыгъуэхэм ящыщу мывалъэрызекІуэмрэ мэзхэр зи щІасэмрэ, кхъуэ пІащэм, къинэмыщІхэми. Бгыщхьэхэм ноби куэду уащыхуозэ къурш бжэнхэм. Псыхъуэ тІуащІэхэм аргуэру къыдэунэхужащ Кавказым фІэкІа нэгъуэщІ щІыналъэхэм щымыпсэу псы бланэр.

Ди щІыпІэр ижькІэрэ зи хэщІапІэ псэущхьэхэм, иужьрей илъэс пщІы бжыгъэм къриубыдэу, ди гуапэ зэрыхъунщи, лъэныкъуэкІэ къикІахэри къахыхьащ. Абыхэм яхэтщ езыр-езыру къэІэпхъуахэри, цІыхухэм къыздашахэри. Апхуэдэ щІыкІэм тету ди щІыналъэм къыщыунэхуахэм ящыщщ ондатрэр, Америкэр зи хэку норкэр, Европэр зи хэгъэрей кІэпхъыр, нэгъуэщІхэри.

ХьэщІапІэ къытхуэкІуэхэм къызэралъытэмкІэ, республикэм и щІыуэпсыр хуабжьу зыгъэдахэ псэущхьэщ ди щІыналъэр зыгъэбжьыфІэ къурш бжэнхэр, Азие Гупэр зи къежьапІэ щомыщыр, псы цІыкІу ежэххэм хэс бдзэжьей къуэлэныр, нэгъуэщІхэри.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**





# Мы махуэхэм

**Жэпуэгъуэм и 5, *гъубж***

♦**ЕгъэджакІуэм и дунейпсо махуэщ**

♦**Архитектурэм и дунейпсо махуэщ**

♦**ПсэупІэм и дунейпсо махуэщ**

♦**УФ-м щІэпхъаджащІэхэр къэлъыхъуэным пыщІа и ІэнатІэм и лэжьакІуэм и махуэщ.** 1918 гъэм ЦІыхубэ комиссариатым и унафэкІэ РСФСР-м къыщызэрагъэпэщащ уголовнэ Іуэхухэм елэжьыну къудамэхэр.

♦**Адыгэ Республикэр къыщызэрагъэпэща махуэщ**

♦**Лъэсу къэкІухьыным и урысейпсо махуэщ**

♦**1914 гъэм** япэу уэгум щызэзэуащ. Абы щызэрихьэлІат франджыхэмрэ нэмыцэхэмрэ я кхъухьлъатэ зырыз.

♦**1917 гъэм** Владикавказ, Налшык округхэм я лІыкІуэу Советхэм я II урысейпсо съездым ягъэкІуат Киров Сергей.

♦**1929 гъэм** СССР-м щыяпэу Ленинград къыщызэІуахат макъри щІэту фильмхэр щыбгъэлъагъуэ хъуну кинотеатр.

♦**1948 гъэм** къызэрагъэпэщащ Дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным хуэгъэпса зэгухьэныгъэр.

♦**1950 гъэм** къалъхуащ генерал-лейтенант, УФ-м и ВВС-м и командующэм и къуэдзэу щыта, техникэ щІэныгъэхэм я кандидат, Урысей Федерацэм дзэ хуэІухуэщІэхэмкІэ щІыхь зиІэ и ІэщІагъэлІ **Быж Айтэч**.

♦**1952 гъэм** къалъхуащ Адыгэ Республикэм щыщ совет спортсмен цІэрыІуэ, спортым щІыхь зиІэ и мастер, 1976 гъэм Монреаль (Канадэ) щекІуэкІа Олимп Джэгухэм дзюдомкІэ чемпион щыхъуа **Невзоров Владимир**.

♦**1957 гъэм** къалъхуащ тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор, КъБР-м и Къэрал саугъэтым и лауреат, ДАХ-м и тхьэмадэу 2006 - 2009 гъэхэм лэжьа, республикэм Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и унафэщІ **Дзэмыхь Къасболэт**.

♦**1961 гъэм** къалъхуащ совет волейболисткэ, 1980 гъэм Москва щекІуэкІа Олимпиадэм чемпионкэ щыхъуа **Ахэмын Еленэ**.

**<u>Дунейм и щытыкІэр</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 6 - 7 щыхъунущ.

**Жэпуэгъуэм и 6, гъубж**

♦**2010 гъэм** Instagram сервисым лэжьэн щІидзащ.

♦**1946 гъэм** къалъхуащ биологие щІэныгъэхэм я доктор, ЩІДАА-м и академик **КІадэ Азэмэт**.

**<u>Дунейм и щытыкІэр</u>**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкІэ, Налшык уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 8 - 9, жэщым градуси 6 - 8 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар* **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

**Лъэпкъ Іущыгъэ:**

**Нэхъыжьыр гъэлъапІи, уи щхьэр лъапІэ хъунщ.**

